Хэгъэгу пстэуми япролетариехэр, зы шъухъу!

# Социалистическэ АДЫГЕЙ

ВКП[б]-м и АДЫГЭ ОБКОМРЭ ТРУДЯЩХЭМ ЯДЕПУТАТХЭМ ЯХЭКУ СОВЕТРЭ ЯОРГАН

КъыздэкI. я 18 илъэс

1944 илъэс
Октябрэм и 15
Тхьаумаф
№ 119 (3783)

Ыуасэ ч. 20

***Я 3-рэ ПРИБАЛТИЙСКЭ фронтым идзэхэмэ я 2-рэ ПРИБАЛТИЙСКЭ фронтым идзэхэр яIэпыIэгъоу, гъэхъагъэ зиIэ наступлением зырагъэушъобгъузэ, октябрэм и 13-м Советскэ Латвием истолицэу къалэу РИГА шъхьафит ашIыжьыгъ.***

## ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЫМ и ПРИКАЗ

### *Армие генералэу МАСЛЕННИКОВЫМ*
### *Армие генералэу ЕРЕМЕНКЭМ афакIо*

Я 3-рэ ПРИБАЛТИЙСКЭ фронтым идзэхэмэ я 2-рэ ПРИБАЛТИЙСКЭ фронтым идзэхэр занкIэу IэпыIэгъу къафэхъухэзэ, гъэхъагъэ зиIэ наступлением зырагъэушъобгъузэ, непэ, октябрэм и 13-м, Советскэ Латвием истолицэу къалэу РИГА—мэхьанэшхо зиIэ военнэ-морской базэу ыкIи Прибалтикэм немцэмэ оборонэу щаIыгъым иузлэ лъэш дэдэу щытыгъэр штурмэкIэ аштагъ.

Къалэу РИГА зэраштагъэмкIэ ашIыгъэ заохэмэ генерал-лейтенантэу РОМАНОВСКЭМ, генерал-полковникэу БЕЛОВЫМ, генерал-лейтенантэу ЗАХВАТАЕВЫМ, генерал-лейтенантэу РОГИНСКЭМ, генерал-полковникэу КАЗАКОВЫМ, генерал-лейтенантэу КОРОТКОВЫМ, генерал-майорэу РОЖДЕСТВЕНСКЭМ, генерал-майорэу БРАНТКАЛН илатышскэ корпус, генерал-майорэу НИКИШИНЫМ, генерал-майорэу ВЕРЖБИЦКЭМ, генерал-майорэу СИЯЗОВЫМ, генерал-лейтенантэу ХАЛЮЗИНЫМ, генерал-майорэу БУНЬКОВЫМ, генерал-майорэу МАРТЫНЧУКЫ, полковникэу АБАШКИНЫМ, генерал-лейтенантэу ХОРУЖЕНКЭМ, генерал-майорэу СТУЧЕНКЭМ, генерал-майорэу КУЛЕШОВЫМ, генерал-майорэу ВАХРАМЕЕВЫМ, генерал-майорэу ЛЯСКИНЫМ, генерал-майорэу ПОЛЯКОВЫМ, генерал-майорэу РОДИОНОВЫМ, полковникэу НИКОНОРОВЫМ, полковникэу ТЕСЛЯ, полковникэу МИРОНЕНКЭМ, полковникэу ПАРШУКОВЫМ, полковникэу СИМОНОВЫМ, полковникэу ГОРОДЕЦКЭМ, полковникэу ДУДОРОВЫМ, полковникэу КУЧЕНЕВЫМ, генерал-майорэу МАКАРОВЫМ, полковникэу БАСТЕЕВЫМ, полковникэу АНТОНЬЕВЫМ, генерал-майорэу ГОРИШНЭМ, генерал-майорэу ШАФАРЕНКЭМ, генерал-майорэу КОЗИНЫМ,. генерал-майороу БУРЛАКИНЫМ, генерал-майорэу РЕБРИКОВЫМ, полковникэу МОРЕЦКЭМ, полковникэу ЛОМОВЫМ, полковникэу МОРОЗОВЫМ, полковникэу ЛАЗАРЕВЫМ, генерал-майорэу ИСАЕВЫМ, полковникэу КОЛОБУТИНЫМ, генерал-майорэу АНДРЮЩЕНКЭМ, полковникэу ЧЕРНИЧЕНКЭМ, генерал-майорэу ГРИБОВЫМ, генерал-майорэу ГУСАРОВЫМ, генерал-майорэу КАЛНИНЫМ, полковникэу КОВАЛЕНКЭМ, полковникэу КАЛНИНЫМ, полковникэу КОЗЛОВЫМ, полковникэу ТИМОШЕНКЭМ, полковникэу ПОРФИРЬЕВЫМ, полковникэу СТАРУХИНЫМ ядзэхэр; артиллерием игенерал-полковникэу КРАСНОПЕВЦЕВЫМ, артиллерием игенерал-полковникэу НИЧКОВЫМ, артиллерием игенерал-майорэу ОВЧИННИКОВЫМ, артиллерием игенерал-майорэу ЕГОРОВЫМ, артиллерием игенерал-майорэу ЛЕВИНЫМ, полковникэу ШЛЕПИНЫМ, артиллерием игенерал-майорэу РОГОЗИНЫМ, артиллерием игенерал-майорэу ХАРЛАМОВЫМ, артиллерием игенерал-майорэу КУЛИКОВЫМ, полковникэу ПОНОМАРЕНКЭМ, полковникэу ПУМПУР, полковникэу ИВАНОВЫМ, полковникэу КОЛОСОВЫМ, полковникэу ДЕГТЯРЕНКЭМ, полковникэу КАМОРНЫЙ, подполковникэу ЕГОРОВЫМ, полковникэу ШКУРИХИНЫМ, полковникэу ИВАЩЕНКЭМ яартиллеристхэр; танковэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу КОЛОСОВЫМ, танковэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу ШАПОШНИКОВЫМ, танковэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу САХНО, полковникэу ИВАНОВИЧЫМ, полковникэу ОВСЯННИКОВЫМ, подполковникэу МЖАЧИХ, подполковникэу ФЕДОРОВЫМ, подполковникэу ХОМЕНКЭМ, подполковникэу КИСЕЛЕВЫМ ятанкистхэр; авиацием игенерал-лейтенантэу ЖУРАВЛЕВЫМ, авиацием игенерал-полковникэу НАУМЕНКЭМ, авиацием игенерал-лейтенантэу ЮХАНОВЫМ, авиацием игенерал-лейтенантэу НЕСТЕРЦЕВЫМ, авиацием игенерал-лейтенантэу БУЯНСКЭМ, авиацием игенерал-майорэу ДАНИЛОВЫМ, авиацием игенерал-майорэу ЛЕБЕДЕВЫМ, полковникэу ДОДОНОВЫМ, полковникэу АНДРЕЕВЫМ, подполковникэу ПОДМОГИЛЬНЭМ, полковникэу ПОЛУШКО, подполковникэу КУЛИШ, подполковникэу ЗОЛОЧЕВСКЭМ, майорэу ЯКОВЛЕВЫМ, подполковникэу РАССКАЗОВЫМ, капитанэу НЕУЙМИНЭМ ялетчикхэр; инженернэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу КИРЧЕВСКЭМ, инженернэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу ПИЛИПЕЦ, инженернэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу ЧЕПУРОВЫМ, полковникэу СЕРГЕЕВЫМ, полковникэу ПОШЕХОНЦЕВЫМ, полковникэу РОГОВИЧЫМ, полковникэу ПАВШУКЫ, полковникэу МАРЧАКЫ, подполковникэу СОБОЛЕВЫМ, подполковникэу АНГЛИЧАНОВЫМ, майорэу КАРПУНЕНКЭМ ясаперхэр; связым идзэхэмэ ягенерал-майорэу СИНЕЛЬНИКОВЫМ, связым идзэхэмэ ягенерал-майорэу ПАНИНЫМ, полковникэу КОРПЛЯКОВЫМ, полковникэу СОКОЛОВЫМ, подполковникэу ДРОБКИСЫ, подполковникэу БРАНДЕЛИСЫ, подполковникэу МЕКЕНЗИНЫМ, майорэу КОСОБОКОВЫМ ясвязистхэр къащыхэщыгъэх.

ТекIоныгъэу ашIыгъэр ознаменовать шIыгъэным пае, къалэу РИГА зэраштагъэмкIэ ашIыгъэ заохэмэ анахьэу къащыхэщыгъэ соединениехэр ыкIи частхэр „РИЖСКЭ“ цIэхэр афашIынхэм ыкIи орденхэмкIэ наградить ашIынхэм фэшIы представить къэшIыгъэнхэ фае.

Непэ, октябрэм и 13-м, сыхьатэр 23-м ти Родинэ истолицэу МОСКВА Родинэм ыцIэкIэ, я 3-рэ ыкIи я 2-рэ ПРИБАЛТИЙСКЭ фронтхэмэ ядзэхэу, ахэмэ генерал-майорэу БРАНТКАЛН илатышскэ корпус зэрахэтэу, Советскэ Латвием истолицэу къалэу РИГА зыштагъэхэмэ—топ шъищырэ тIокIырэ плIырэр зэдаохэзэ огъу тIокIырэ плIырэкIэ салют афешIы.

Ти Родинэ ишъхьафитыныгъэрэ инезависимострэ апае ашIыгъэ заохэмэ ахэкIодэгъэ геройхэм егъэшIэрэ щытхъор адэжь!

Немецкэ техакIохэмэ аджалэр зэрафэтхьын!

***Верховнэ Главнокомандующэр***
***Советскэ Союзым и Маршалэу И. СТАЛИН.***

Октябрэм и 13 1944-рэ илъэс.

## СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫТРЭР

### Октябрэм и 13-м иоперативнэ сводкэ щыщ

Я 3-рэ Прибалтийскэ фронтым ядзэхэмэ, я 2-рэ Прибалтийскэ фронтым идзэхэр занкIэу IэпыIэгъу къафэхъухэзэ, гъэхъагъэ зиIэ наступлением зырагъэушъобгъузэ, октябрэм и 13-м Советскэ Латвием истолицэу къалэу **Рига**—мэхьанэшхо зиIэ военнэ-морской базэу ыкIи Прибалтикэм немцэмэ оборонэу щаIыгъым иузлэ лъэшэу щытыгъэр штурмэкIэ аштагъ.

Севернэ Трансильванием тидзэхэмэ къалэу ыкIи мэшIоку гъогу станцие инэу **Бистрица** щаштагъ, джащ фэдэу фэшъхьафрэ населеннэ пункт 50-м ехъу аштагъэх ыкIи ахэмэ **Терпень, Керлеш, Яд, Софальва, Цигау, Кетью, Бид, Центя, Тыргушор, Сантиона, Носоль, Цеге, Пуйон, Корушу, Бонцида, Думбрава** зыфаIохэрэр ыкIи мэшIоку гъогу станциехэу **Борго-Рус, Яд, Бессеньо, Сэрэцел, Керлеш** зыфаIохэрэри ащыщых.

**Белграды** икъыблэ-тыгъэ къыкъокIыпIaIокIэ тидзэхэмэ, Югославием и Народнэ-Освободительнэ армие ичастхэмэ ягъусэхэу щызаохэзэ, населеннэ пунктхэу **Медулужье, Топола, Дольна Шаторна, Цырни Као, Паневац, Крушар** зыфаIохэрэр аштагъэх ыкIи **Белград—Крагуевац** шоссейнэ гъогур зэпаубытыкIыгъэ.

Фронтым ифэшъхьафрэ участкэхэмэ разведчикхэр ащэлъыхъох ыкIи пункт бэкIаехэм чIыпIэ мэхьанэ зиIэ заохэр ащыкIощтыгъэ.

Октябрэм и 12-м къыкIоцIы тидзэхэмэ фронт пстэуми немецкэ танки 123-рэ ащакъутагъ ыкIи ащагъэкIодыгъ. Ошъогу заохэм ыкIи зенитнэ артиллерием имашIохэмкIэ пыим исамолет 19 къыраутэхыгъ.

### Октябрэм и 14-м иоперативнэ сводкэ щыщ

Октябрэм и 14-м къыкIоцIы къалэу **Рига** икъыблаIокIэ тидзэхэмэ наступательнэ заохэр щашIыщтыгъэх, ахэр ашIызэ населеннэ пунктхэу **Рамасмежс, Медеми, Баложи, Плакани, Ближс, Крамас, Яунземи, Цирули, Берзу** зыфаIохэрэр ыкIи мэшIоку гъогу станциеу **Баложи** аштагъэх.

Севернэ Трансильванием тидзэхэмэ, румынскэ дзэхэмэ ягъусэхэу щызаохэзэ, населеннэ пунктхэу **Майер, Олахсэндьердь, Фелдра, Непос, Минтью, Бетлен, Унгураш, Герла, Борша, Михэшти** зыфаIохэрэр ыкIи мэшIоку гъогу станциехэу **Майер, Олахсэндьердь, Ильва-Микэ, Фелдра, Непос, Коч, Бетлен, Герла** зыфаIохэрэри щаштагъэх.

Къалэу **Белград** икъыблаIокIэ ыкIи икъыблэ-тыгъэ къыкъокIыпIaIокIэ тидзэхэмэ, Югославием и Народнэ-Освободительнэ армие ичастхэмэ ягъусэхэу щызаохэзэ, населеннэ пунктхэу **Кумодраж, Бели Поток, Рипань, Арандбеловац, Куприя, Шарачин, Делиград, Алексинац** зыфаIохэрэр щаштагъэх.

Фронтым ифэшъхьафрэ участкэхэмэ разведчикхэр ащэлъыхъох ыкIи пункт бэкIаехэм чIыпIэ мэхьанэ зиIэ заохэр ащыкIощтыгъэ.

Октябрэм и 13-м къыкIоцIы тидзэхэмэ фронт пстэуми немецкэ танки 195-рэ ащакъутагъ ыкIи ащагъэкIодыгъ. Ошъогу заохэм ыкIи зенитнэ артиллерием имашIохэмкIэ пыим исамолет 56-рэ къыраутэхыгъэх.

* * *

### Тиавиацие жъугъэу портэу Клайпедэ (Мемель) ыкIи немецкэ къалэу Тильзит атебыбагъ

Октябрэм и 14-м ичэщым чыжьэу быбырэ тиавиацие портэу **Клайпедэ (Мемель)** ыкIи немецкэ къаулэ **Тильзиты** жъугъэу атебыбагъ.

**Клайпеды (Мемель)** зытебыбэхэм илъэхъанэм портым немецкэ транспорти 9 дэтыгъ. Къалэм исеверэ-западнэ часты пыим идзэхэр ыкIи итехникэ бэу зэрэщызэрэугъоигъэхэр алъэгъугъэх. Бомбардировкэм къыхэкIэу мэшIо 40-м ехъу къыщыхъугъ. Анахьэу мэшIошхохэр, взрывхэр зыхэгъэу къызщыхъугъэр кIымафэ гаваным ирайон ыкIи портым ицентральнэ част, нефтяной горо-

(ИухыпIэ я 2-рэ нэкIуб. ит.).

